2027

Rezime Avantaj yo

Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP)

Tampa

Greater Tampa Bay

Zòn sèvis nou an gen konte/yo ki annapre yo nan Florida: Citrus, Hardee, Hernando, Highlands, Hillsborough, Manatee, Pasco, Pinellas, Polk, Sarasota.

Humana.

Lis Verifikasyon Anvan Enskripsyon

Anvan ou pran yon desizyon pou enskri, li enpòtan pou ou konprann avantaj nou yo ak règ nou yo nèt. Si ou gen nenpòt kesyon, ou ka rele epi pale ak yon reprezantan sèvis kliyan nan **888-873-0686 (TTY: 711)** .

Konprann Avantaj yo

- ☐ Prèv sou Kouvèti (EOC) a bay yon lis konplè tout kouvèti ak sèvis yo. Li enpòtan pou revize kouvèti plan an, depans yo ak avantaj yo anvan ou enskri. Vizite **Humana.com/medicare** oswa rele **888-873-0686 (TTY: 711)** pou wè yon kopi EOC a.
- ☐ Revize Lis Pwofesyonèl Swen Sante a (oswa mande doktè ou) pou asire doktè ou wè kounye a yo nan rezo a. Si yo pa nan lis la, sa vle di ou probableman pral oblije chwazi yon nouvo doktè.
- ☐ Revize lis famasi a pou asire famasi ou itilize pou nenpòt medikaman sou preskripsyon nan rezo a. Si famasi a pa nan lis la, ou probableman pral oblije chwazi yon nouvo famasi pou preskripsyon ou yo.
- ☐ Revize fòmilè (Gid Medikaman) an pou asire medikaman ou yo kouvri.

Konprann Règ Enpòtan yo

- ☐ (Ou dwe kontinye peye prim Medicare Part B ou a tou.) Prim sa a nòmalman retire nan chèk Sekirite Sosyal ou chak mwa. Prim Part A/Part B yo ka peye pa Florida Medicaid.
- ☐ Avantaj, prim ak/oswa kopèman/ko-asirans ka chanje nan dat 1ye Janvye 2028.
- ☐ **Efè sou Kouvèti Aktyèl.** Si ou enskri aktyèlman nan yon plan Medicare Advantage, kouvèti swen sante Medicare Advantage aktyèl ou a pral fini yon fwa nouvo kouvèti Medicare Advantage ou a kòmanse. Si ou gen TRICARE, kouvèti ou ka afekte yon fwa nouvo kouvèti Medicare Advantage ou a kòmanse. Tanpri kontakte TRICARE pou plis enfòmasyon. Si ou gen yon plan Medigap, yon fwa kouvèti Medicare Advantage ou a kòmanse, ou ka vle abandone polis Medigap ou a paske ou pral peye pou kouvèti ou pa ka itilize.
- ☐ Eksepte nan ka dijans oswa sitiyasyon ijan, nou pa kouvri sèvis pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a (doktè ki pa nan lis anyè pwofesyonèl swen sante a).
- ☐ Plan sa a se yon plan bezwen espesyal elijib doub (D-SNP). Kapasite ou pou enskri pral baze sou verifikasyon ke ou gen dwa tou de Medicare ak asistans medikal nan yon plan Eta anba Medicaid. Plan sa a ka enskri QDWI, QI, QMB, SLMB.

Annou pale sou Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP)

Jwenn plis enfòmasyon sou plan Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP) – ki gen ladan sèvis sante ak medikaman li kouvri – nan ti liv fasil pou itilize sa a.

Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP) se yon plan Bezwen Espesyal pou Moun ki Elijib Doub ki gen yon kontra Medicare ak yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid. Enskripsyon nan plan Humana sa a depann de renouvèlman kontra a.

Enfòmasyon avantaj ki bay la se yon rezime sa nou kouvri ak sa ou peye. Li pa bay lis chak sèvis nou kouvri oswa bay lis chak limitasyon oswa eksklizyon. Pou yon lis konplè sèvis nou kouvri, tanpri refere ou nan Prèv sou Kouvèti plan an sou sit entènèt nou an, **Humana.com/PlanInformation** .

Kòm manm ou dwe chwazi yon doktè ki nan rezo nan zòn sèvis ki nan liv sa a pou aji kòm Founisè Swen Primè (PCP) ou. Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP) gen yon rezo doktè, lopital, famasi ak lòt founisè. Si ou itilize founisè ki pa nan rezo nou an, plan an ka pa peye pou sèvis sa yo sof si sèvis la kouvri anba règ eksteryè-rezo oswa pwen-sèvis plan an, oswa yon lòt eksepsyon aplike.

Ou gen aksè a Jesyonè Swen. Jesyonè Swen se enfimyè oswa koordinatè swen ki sipòte sante ak byennèt ou lè yo bay sèvis adisyonèl ki enkli jesyon swen egi ak kwonik, sipò sante pa telefòn ak an pèsòn, asistans pou kòdone avantaj Medicare ak Medicaid, resous edikasyonèl ak atelye, ak sipò pou fanmi ak moun k ap bay swen.

Pou w elijib

Si ou resevwa tou de avantaj Medicare ak Medicaid, sa vle di ou elijib doub. Pou enskri nan Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP), yon Plan Bezwen Espesyal pou Moun ki Elijib Doub, ou dwe gen dwa a Medicare Part A epi enskri nan Medicare Part B, viv nan zòn sèvis nou an epi resevwa sèten nivo asistans nan Florida Medicaid.

Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP) enskri QDWI, QI, QMB, SLMB.

Moun Andikape ak Travay Ki Kalifye (QDWI): Ede peye prim Part A.

Moun Ki Kalifye Endividyèl (QI): Ede peye prim Part B.

Benefisyè Medicare Ki Kalifye (QMB): Ede peye prim Medicare Part A ak Part B, ak lòt pataj depans (tankou franchiz, ko-asirans, ak kopèman).

Benefisyè Medicare a Revni Ba Espesifye (SLMB): Ede peye prim Part B.

Non plan an

Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP)

Humana.

Plis enfòmasyon sou Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP)

Selon nivo elijibilite ou pou asistans anba pwogram Medicaid Eta ou a, ou ka oswa pa ka sibi egzijans pataj-depans. Tablo Konparezon Avantaj Medicaid la montre avantaj espesifik ke Medicaid ka kouvri pou kèk manm elijib doub. Ou pral travay avèk koordinatè swen Humana ou a pou konprann ak jwenn aksè a avantaj sa yo. Tablo Avantaj Medikal ak Lopital Kouvri a montre avantaj ou pral resevwa nan men Humana.

Asire w montre kat ID Florida Medicaid ou an anplis de kat abònman Humana ou a pou fè founisè ou a konnen ke ou gen kouvèti Medicaid tou. Ou ka oblije peye yon ti kopeman espesifik pou Medicaid. Sèvis ou yo peye premyèman bò kote Humana epi apresa bò kote Medicaid.

Kijan pou kontakte nou

Si ou gen kesyon sou avantaj ou yo oswa nivo kalifikasyon ou pou asistans Medicaid, ou ta dwe kontakte depatman Sèvis Kliyan Humana a oswa Florida Medicaid pou plis detay.

Si ou se yon manm nan plan sa a, rele gratis:
800-457-4708 (TTY: 711) .

Si ou **pa** yon manm nan plan sa a, rele gratis:
888-873-0686 (TTY: 711) .

Ou ka rele nou sèt jou sou sèt, soti 8 a.m. rive 8 p.m. Tanpri sonje sistèm telefòn otomatize nou an ka reponn apèl ou a pandan wikenn ak jou ferye yo.

Oswa vizite sit entènèt nou an: **Humana.com/Medicare**

Avantaj Medicaid yo dènye fwa yo te valide le 07/01/2026 epi yo ka chanje. Pou enfòmasyon kouvèti Florida Medicaid ki pi aktyèl la, tanpri vizite sit entènèt Florida Medicaid la sou **https://ahca.myflorida.com** oswa rele Medicaid Hotline nan 888-419-3456 (gratis) 800-955-8771 (TTY).

Yon patenarya ki sen

Jwenn plis avantaj nan plan sa a — ak sèvis ak resous siplemantè ke Humana bay!

Prim Mansyèl, Franchiz ak Limit

Prim plan mansyèl	**$0** Ou dwe kontinye peye prim Medicare Part B ou a. Prim Part A ak/oswa Part B ou a ka peye nan non ou pa Florida Medicaid Program.
Franchiz medikal	Plan sa a pa gen franchiz.
Franchiz Famasi (Part D)	Si ou resevwa Èd Siplemantè, plan sa a gen yon **$0** franchiz. Si ou pa resevwa Èd Siplemantè, plan ou a gen yon **$700** franchiz pou medikaman Nivo 4 ak Nivo 5. Refere a seksyon Avantaj Medikaman sou Preskripsyon ki anba a.
Responsablite maksimòm depans medikal ou responsab pou peye Pi plis ou peye pou kopèman, ko-asirans ak lòt frè pou sèvis medikal ki kouvri yo pou ane a	**$1,500** nan rezo Si ou kalifye pou asistans pataj-depans Medicare anba Florida Medicaid, ou pa responsab pou peye okenn depans sou pwòp ou anvè montan maksimòm depans sou pwòp ou pou sèvis Part A ak Part B ki kouvri yo.

Avantaj Medikal

Remak: Pataj frè baze sou nivo elijiblite Medicaid ou. Pou plan sa a, nivo Medicaid sa yo ki anba pwoteksyon pataj-depans: QDWI, QI, QMB, ak SLMB.

	SA OU PEYE NAN PLAN HUMANA SA A
KOUVÈTI LOPITAL POU PASYAN KI ENTÈNE	
Plan sa a kouvri yon kantite jou san limit pou yon sejou pou pasyan ki entène.	Kopèman **$0** pou chak admisyon
KOUVÈTI LOPITAL PASYAN KI PA ENTÈNE	
Kolonoskopi dyagnostik	Kopèman **$0**
Mamografi dyagnostik	Kopèman **$0**
Sèvis chiriji	Kopèman **$0**
SANT CHIRIJI ANBILATWA	
Kolonoskopi dyagnostik	Kopèman **$0**
Sèvis chiriji	Kopèman **$0**
VIZIT DOKTÈ	
Founisè swen primè (PCP)	
• Biwo PCP	Kopèman **$0**
• Telesante	Kopèman **$0**

Founisè swen prensipal ou (PCP) pral travay avèk ou pou kowòdone swen ou bezwen an avèk espesyalis oswa kèk lòt founisè nan rezo a. Sa a rele yon "referans." Plan sa a mande otorizasyon alavans pou sèten atik ak sèvis. Lyen sa a ap mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon alavans: ***Humana.com/PAL****.*

Humana.

Avantaj Medikal (suit)

	SA OU PEYE NAN PLAN HUMANA SA A
Espesyalis	
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
• Telesante	Kopèman **$0**
SWEN PREVANTIF	
Plan sa a kouvri tout sèvis prevantif Medicare ki gen ladan:	Kopèman **$0**
Depistaj Kansè	
• Depistaj kansè tete (mamografi)	
• Depistaj kansè kòl matris ak vajen	
• Depistaj kansè kolorektal	
• Depistaj kansè poumon	
• Depistaj kansè pwostat	
Swen Kadyovaskilè (Kè)	
• Depistaj anevris ayòt abdominal	
• Vizit rediksyon risk maladi kadyovaskilè	
• Depistaj maladi kadyovaskilè	
Swen Dyabèt	
• Depistaj dyabèt	
• Fòmasyon jesyon pwòp tèt ou pou dyabèt	
• Pwogram Prevansyon Dyabèt Medicare (MDPP)	
Konsèy ak Sipò pou Rejim Alimantè	
• Terapi nitrisyon medikal	
• Depistaj obezite ak terapi	
Depistaj Woutin ak Iminizasyon	
• Vizit Byennèt Anyèl (AWV)	
• Iminizasyon	
• Egzamen fizik woutin	
• Vizit prevantif "Byenvini nan Medicare"	

Founisè swen prensipal ou (PCP) pral travay avèk ou pou kowòdone swen ou bezwen an avèk espesyalis oswa kèk lòt founisè nan rezo a. Sa a rele yon "referans." Plan sa a mande otorizasyon alavans pou sèten atik ak sèvis. Lyen sa a ap mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon alavans: ***Humana.com/PAL****.*

Avantaj Medikal (suit)

	SA OU PEYE NAN PLAN HUMANA SA A
Depistaj ak Sèvis Konsèy • Mezire mas zo • Depistaj depresyon • Depistaj glokòm • Depistaj VIH • Depistaj & konsèy pou redwi move itilizasyon alkòl • Depistaj enfeksyon ki transmèt seksyèlman (ITS) ak konsèy • Sispann fimen ak itilizasyon tabak (konsèy pou sispann fimen oswa itilize tabak) Nenpòt sèvis prevantif adisyonèl ki apwouve pa Medicare pandan ane kontra a ap kouvri.	
SWEN IJANS	
Sal ijans Si yo admèt ou nan menm lopital la nan 24 èdtan pou menm kondisyon an, ou peye $0 pou swen ijans ou te resevwa a.	**$0** oswa **$130** kopèman
SÈVIS KI NESESÈ IJAN	
• **Telesante**	Kopèman **$0**
• **Sant swen ijan** Sèvis ki nesesè ijan yo bay pou trete yon maladi, blesi oswa kondisyon medikal ki pa yon ijans men ki enprevizib epi ki mande atansyon medikal imedya.	Kopèman **$0**
KOUVÈTI TOUPATOU NAN MOND LAN	
• **Anbilans ijans**	**$0** oswa **$200** kopèman pa dat sèvis
• **Sal ijans - Lopital**	**$0** oswa **$130** kopèman
• **Sant swen ijan** Si ou gen yon ijans oswa yon sèvis ki nesesè ijan andeyò Etazini ak teritwa li yo, ou pral responsab pou peye pou sèvis ki te rann yo alavans epi ou ka mande ranbousman. Si yo admèt ou nan menm lopital la nan 24 èdtan pou menm kondisyon an, ou peye $0 pou swen ijans ou te resevwa a.	Kopèman **$0**
SÈVIS DYAGNOSTIK, LABORATWA AK IMAJRI	
Sèvis imajri avanse (MRI, MRA, PET ak skàn CT)	
• Etablisman radyolojik endepandan	Kopèman **$0**
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo PCP	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**

Founisè swen prensipal ou (PCP) pral travay avèk ou pou kowòdone swen ou bezwen an avèk espesyalis oswa kèk lòt founisè nan rezo a. Sa a rele yon "referans." Plan sa a mande otorizasyon alavans pou sèten atik ak sèvis. Lyen sa a ap mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon alavans: ***Humana.com/PAL****.*

Humana.

Avantaj Medikal (suit)

	SA OU PEYE NAN PLAN HUMANA SA A
Sèvis radyoloji debaz (radyografi)	
• Etablisman radyolojik endepandan	Kopèman **$0**
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo PCP	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
• Sant swen ijan	Kopèman **$0**
Mamografi dyagnostik	
• Etablisman radyolojik endepandan	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
Pwosedi dyagnostik ak tès	
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo PCP	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
• Sant swen ijan	Kopèman **$0**
Sèvis laboratwa	
• Laboratwa endepandan	Kopèman **$0**
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo PCP	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
• Sant swen ijan	Kopèman **$0**
Medsin nikleyè ak sèvis yo	
• Etablisman radyolojik endepandan	Kopèman **$0**
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
Etid somèy	
• Kay manm nan	Kopèman **$0**
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
Radyoloji terapetik (Terapi radyasyon)	
• Etablisman radyolojik endepandan	Kopèman **$0**
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**

SÈVIS ODITIF

Sèvis oditif Medicare kouvri	Kopèman **$0**

Founisè swen prensipal ou (PCP) pral travay avèk ou pou kowòdone swen ou bezwen an avèk espesyalis oswa kèk lòt founisè nan rezo a. Sa a rele yon "referans." Plan sa a mande otorizasyon alavans pou sèten atik ak sèvis. Lyen sa a ap mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon alavans: ***Humana.com/PAL****.*

Avantaj Medikal (suit)

	SA OU PEYE NAN PLAN HUMANA SA A
Avantaj oditif siplemantè obligatwa	**HER100** • **$0** kopèman pou egzamen woutin jiska 1 fwa pa ane. • **$0** kopèman pou ajisteman jiska 1 fwa chak ane. • **$0** kopèman pou vizit swivi ak founisè jiska 3 fwa pa ane. • **$0** kopèman pou chak aparèy oditif nivo 1 sou preskripsyon, jiska 1 pou chak zòrèy chak ane. • Remak: Enkli 3 ane batri pou aparèy ki pa rechajab (jiska 60 selil pou chak zòrèy, pa ane) ak garanti 3 ane. • Yon vizit ajisteman ak twa vizit swivi ak founisè pandan premye ane apre acha aparèy pou tande, avèk founisè orijinal la.

SÈVIS SWEN DANTÈ

Dantè Medicare kouvri	Kopèman **$0**
Avantaj dantè siplemantè obligatwa Limitasyon ak eksklizyon ka aplike. Tanpri gade Prèv sou Kouvèti (EOC) ou a pou detay adisyonèl. **<u>Limit avantaj</u>** • Reklamasyon ki soumèt yo sibi yon pwosesis revizyon, ki ka enkli yon revizyon klinik ak antesedan dantè pou apwouve kouvèti. • Avantaj dantè anba plan sa a ka pa kouvri tout kòd pwosedi ADA. Plan an pa p kouvri okenn sèvis yo bay ki pa nan lis sa a epi sa ap responsabilite manm lan. • Manm nan responsab pou nenpòt montan ki depase montan maksimòm avantaj anyèl la. • Avantaj yo ofri sou baz ane kalandriye. Nenpòt montan ki pa sèvi nan fen ane a ap ekspire.	**DENE84** • Plan an kouvri jiska **$4,000** alokasyon chak ane pou sèvis dantè prevantif ak konplè ki pa kouvri pa Medicare. • Ou responsab pou nenpòt montan ki depase limit kouvèti dantè a. • Nenpòt montan ki pa itilize nan fen ane a ap ekspire. • Avantaj ou a ka itilize pou pifò tretman dantè tankou: • Sèvis dantè prevantif, tankou egzamen, netwayaj woutin, elatriye. • Sèvis dantè debaz, tankou plonbaj, ekstraksyon, elatriye. • Sèvis dantè majè, tankou detatraj peryodantal, kouwòn, fo dan, tretman kanal rasin, pon elatriye. • Limit frekans ka aplike. • Remak: Alokasyon an pa ka itilize pou fliyò, sèvis kosmetik ak enplandantè.

Enfòmasyon konsènan chak plan disponib nan **Humana.com/sb .**

<u>Founisè ki nan rezo a</u>

Founisè swen prensipal ou (PCP) pral travay avèk ou pou kowòdone swen ou bezwen an avèk espesyalis oswa kèk lòt founisè nan rezo a. Sa a rele yon "referans." Plan sa a mande otorizasyon alavans pou sèten atik ak sèvis. Lyen sa a ap mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon alavans: ***Humana.com/PAL****.*

Humana.

Avantaj Medikal (suit)

	SA OU PEYE NAN PLAN HUMANA SA A
• Dantis ki nan rezo a te dakò pou founi sèvis ki kouvri yo nan tarif kontraktyèl (dapre barèm tarif nan rezo a, oswa INFS). • Si yon manm vizite yon founisè dantè nan rezo patisipan, yo pa ka faktire manm nan pou frè ki depase barèm frè negosye a (men nenpòt peman ko-asirans ki aplikab ap toujou aplike).	

SÈVIS VIZYON

Aparèy vizyon (apre chiriji katarat)	Kopèman **$0**
Egzamen je dyabetik Medicare kouvri	Kopèman **$0**
Sèvis vizyon Medicare kouvri	Kopèman **$0**
Avantaj vizyon siplemantè obligatwa Lokalizatè founisè pou avantaj vizyon siplemantè obligatwa disponib sou **Humana.com/FindCare** > Antre Kòd Postal > Chwazi Medical > Chwazi Rezo Medikal Ou a (Non Plan Ou a) > Chwazi > Chwazi "Espesyalite" > Tape "Optometrist" > Chèche.	**VIS134** • **$0** kopèman pou egzamen woutin jiska 1 fwa chak ane. • Montan maksimòm **$115** kouvèti avantaj la pa ane pou lantiy kontak oswa linèt je-lantiy ak monti plis ajisteman; oswa 1 pè linèt je chwazi pa ane san frè. • Linèt yo enkli pwoteksyon kont reyon iltravyolèt ak kouch anti-grave.
SÈVIS SANTE MANTAL	
Entène Plan sa a kouvri jiska 190 jou nan tout lavi pou swen sante mantal entène nan yon lopital sikyatrik	Kopèman **$0** pou chak admisyon
Vizit terapi sante mantal	
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
• Telesante	Kopèman **$0**
Sèvis tretman pou pwoblèm itilizasyon sibstans pou pasyan ekstèn	
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
• Telesante	Kopèman **$0**

Founisè swen prensipal ou (PCP) pral travay avèk ou pou kowòdone swen ou bezwen an avèk espesyalis oswa kèk lòt founisè nan rezo a. Sa a rele yon "referans." Plan sa a mande otorizasyon alavans pou sèten atik ak sèvis. Lyen sa a ap mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon alavans: ***Humana.com/PAL****.*

Avantaj Medikal (suit)

	SA OU PEYE NAN PLAN HUMANA SA A
ETABLISMAN KI BAY SWEN ENFIMYE ESPESYALIZE (SNF)	
Plan sa a kouvri jiska 100 jou nan yon SNF	Kopèman **$0** pou chak admisyon
ANBILANS	
• **Avyon**	**$0** oswa **20%** nan pri a
• **Tè**	$0 oswa **$200** kopèman pa dat sèvis
TRANSPÒ	
Avantaj transpò siplemantè obligatwa Manm nan **dwe** kontakte vandè transpò a omwen 3 jou travay anvan randevou li a pou ranje transpò epi li dwe kontakte Sèvis Kliyan pou yo dirije li bay founisè transpò espesifik plan li a. **Sèten vwayaj ka mande apwobasyon davans.**	**$0** kopèman pou kote ki plan an apwouve jiska vwayaj aller senp ilimite chak ane. Avantaj sa a ofri yon kantite mil san limit pou chak deplasman ale sèlman.
MEDIKAMAN MEDICARE PART B Kèk medikaman Part B ki kalifye pou rabè ka gen yon ko-asirans ki pi ba.	
Piki alèji ak serom	
• Biwo PCP	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
Medikaman chimyoterapi	
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
Lòt medikaman Part B	
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo PCP	Kopèman **$0**
• Famasi	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
Ensilin Part B	
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo PCP	Kopèman **$0**
• Famasi	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**

Founisè swen prensipal ou (PCP) pral travay avèk ou pou kowòdone swen ou bezwen an avèk espesyalis oswa kèk lòt founisè nan rezo a. Sa a rele yon "referans." Plan sa a mande otorizasyon alavans pou sèten atik ak sèvis. Lyen sa a ap mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon alavans: ***Humana.com/PAL****.*

Humana.

Avantaj Medikaman sou Preskripsyon

PWEN ENPÒTAN PLAN AN

ÈD SIPLEMANTÈ	Majorite nan manm nou yo kalifye oswa deja ap resevwa Èd Siplemantè (Extra Help) nan men Medicare pou peye pou pri plan pou medikaman sou preskripsyon yo a. Si ou nan pwogram Èd Siplemantè a, tanpri refere ou nan seksyon Èd Siplemantè ki anba a pou wè franchiz ou ak pataj frè Etap Kouvèti Inisyal ou.
Pwovizyon 100 jou	Jiska pwovizyon 100 jou sou medikaman ki kalifye
Depans pou ensilin	Ou p ap peye plis pase **$35** pou yon pwovizyon pou yon mwa (jiska 30 jou) pou chak pwodui ensilin plan sa a kouvri.
$0 vaksen	Kopèman **$0** pou vaksen adilt Part D kouvri Komite Konsiltatif sou Pratik Iminizasyon an (ACIP) rekòmande

ÈD SIPLEMANTÈ

Si ou resevwa Èd Siplemantè pou medikaman ou yo, ou pral gen yon franchiz **$0**.

Anvan ou rive nan limit **$2,400** depans sou pwòp ou pou chak ane, ou pral peye youn nan sa ki anba yo selon nivo Èd Siplemantè ou:

- **$5.80** pou medikaman jenerik/prefere ki gen plizyè sous oswa yon medikaman biyosimilè; **$14.40** pou nenpòt lòt medikaman; OSWA
- **$1.65** pou medikaman jenerik/prefere ki gen plizyè sous oswa yon medikaman biyosimilè; **$5.00** pou nenpòt lòt medikaman; OSWA
- **$0** pou tout medikaman

Apre ou fin rive nan limit depans **$2,400** anyèl ou, ou pral peye **$0** pou rès ane kalandriye a, kèlkeswa nivo Èd Siplemantè ou resevwa a. Enfòmasyon siplemantè ap disponib sou avenman LIS ou a.

Pataj frè ka chanje toudepan famasi ou chwazi a, lè ou antre nan yon lòt faz avantaj Part D a epi si ou kalifye pou Èd Siplemantè. Pou konnen si ou kalifye pou Èd Siplemantè, tanpri kontakte Biwo Sekirite Sosyal la nan 800-772-1213 (TTY: 800-325-0778), Lendi – Vandredi, 7 a.m. – 7 p.m. Pou plis enfòmasyon sou avantaj medikaman sou preskripsyon ou, tanpri rele nou oswa jwenn Prèv sou Kouvèti ou a sou entènèt.

FRANCHIZ

Plan sa a gen yon franchiz **$700** pou medikaman Nivo 4 ak Nivo 5. Ou peye tout pri medikaman sa yo jiskaske ou rive nan **$700**. Lè sa a, ou peye sèlman pataj frè ou a, epi ou antre nan Etap Kouvèti Inisyal la.

KOUVÈTI INISYAL

Ou peye sa ki annapre yo jiskaske total depans ou ki soti nan pòch ou rive **$2,400** . Lè ou rive nan montan sa a, ou pral antre nan Etap Katastwofik la.

Pataj Frè Famasi						
	Pataj Frè Famasi Detay Enkli tout famasi detay ki nan rezo a		**Pataj Frè Kòmand pa Lapòs Estanda**		**Kourye Lapòs Preferansyèl Pataj Frè** CenterWell Pharmacy ®	
Pwovizyon jounen	**30 jou**	**100 jou***	**30 jou**	**100 jou***	**30 jou**	**100 jou***
Nivo 1: Jenerik Prefere	$0	$0	$10	$30	$0	$0
Nivo 2: Jenerik	$0	$0	$20	$60	$0	$0
Nivo 3: Mak Prefere	17%	17%	17%	17%	17%	17%
Nivo 4: Medikaman Ki Pa Prefere	35%	35%	35%	35%	35%	35%
Nivo 5: Nivo Espesyalite	25%	Pa Aplikab	25%	Pa Aplikab	25%	Pa Aplikab

Pou jwenn ki famasi ki disponib nan rezo nou an, ale sou **Humana.com/pharmacyfinder** .

*Kèk medikaman yo limite a yon pwovizyon 30 jou epi lòt ka elijib pou jiska yon pwovizyon 100 jou.

Pataj Frè Ensilin						
	Pataj Frè Famasi Detay Enkli tout famasi detay ki nan rezo a		**Pataj Frè Kòmand pa Lapòs Estanda**		**Kourye Lapòs Preferansyèl Pataj Frè** CenterWell Pharmacy ®	
Pwovizyon jounen	**30 jou**	**100 jou***	**30 jou**	**100 jou***	**30 jou**	**100 jou***
Nivo 1: Jenerik Prefere	$0	$0	25% jiska $10	25% jiska $30	$0	$0
Nivo 2: Jenerik	$0	$0	16% jiska $20	16% jiska $60	$0	$0
Nivo 3: Mak Prefere	17% jiska $35	17% jiska $105	17% jiska $35	17% jiska $105	17% jiska $35	17% jiska $105
Nivo 4: Medikaman Ki Pa Prefere	25% jiska $35	25% jiska $105	25% jiska $35	25% jiska $105	25% jiska $35	25% jiska $105
Nivo 5: Nivo Espesyalite	25% jiska $35	Pa Aplikab	25% jiska $35	Pa Aplikab	25% jiska $35	Pa Aplikab

*Se pa tout nivo ki ka enkli ensilin. Tanpri refere w ak Gid Medikaman sou Preskripsyon ou an pou w konfime kouvèti ensilin.

Ou ka ranpli preskripsyon ou yo nan plizyè fason, tankou nan famasi detay ak famasi pa lapòs. Pou plan Humana yo, CenterWell Pharmacy® se famasi pa lapòs prefere a ki gen avantaj pataj depans. Pou aprann plis, vizite **CenterWellPharmacy.com** .

Ou p ap peye plis pase **$35** pou yon pwovizyon pou yon mwa (jiska 30 jou) pou chak pwodui ensilin plan an kouvri kèlkeswa nivo pataj frè a, menm si ou poko peye franchiz ou.

Pou jwenn ki famasi ki disponib nan rezo nou an, ale sou **Humana.com/pharmacyfinder** .

*Kèk medikaman yo limite a yon pwovizyon 30 jou epi lòt ka elijib pou jiska yon pwovizyon 100 jou.

Humana.

KOUVÈTI KATASTWOFIK

Apre total depans ou ki soti nan pòch ou rive **$2,400** ou peye **$0** pou medikaman Part D plan an kouvri.

Si ou rete nan yon etablisman swen alontèm ki nan rezo a, ou peye menm pri ou ta peye nan yon famasi detay ki nan rezo. Nan sèten sitiyasyon ou ka kapab jwenn medikaman nan yon famasi ki pa nan rezo a men ou ka peye plis pase sa ou ta peye nan yon famasi ki nan rezo a.

Avantaj adisyonèl

	SA OU PEYE NAN PLAN HUMANA SA A
Sèvis akiponkti (Medicare kouvri)	**$0** kopèman pou vizit akiponkti pou doulè nan ba do kwonik jiska 20 vizit chak ane.
Sèvis kiwopratik (Medicare kouvri)	Kopèman **$0**
Sèvis podoloji (Medicare kouvri)	Kopèman **$0**
EKIPMAN/FOUNITI MEDIKAL	
Monitè glikoz an kontini (CGM)	
• Founisè DME	Kopèman **$0**
• Famasi	Kopèman **$0**
• Famasi preferans	Kopèman **$0**
Materyèl pou kontwole dyabèt	
• Founisè dyabètik	Kopèman **$0**
• Famasi detay nan rezo	Kopèman **$0**
Ekipman medikal dirab (DME)	Kopèman **$0**
Ekipman medikal dirab (DME) – Oksijèn	Kopèman **$0**
Founiti medikal nan founisè founiti medikal	Kopèman **$0**
Aparèy pwotèz ak founiti ki gen rapò ak yo	Kopèman **$0**
SÈVIS REYABILITASYON	
Sèvis reyabilitasyon kadyak	
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
Ègoterapi	
• Sant reyabilitasyon ekstèn konplè	Kopèman **$0**
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
Fizyoterapi	
• Sant reyabilitasyon ekstèn konplè	Kopèman **$0**
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
Sèvis reyabilitasyon pilmonè	
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**

Founisè swen prensipal ou (PCP) pral travay avèk ou pou kowòdone swen ou bezwen an avèk espesyalis oswa kèk lòt founisè nan rezo a. Sa a rele yon "referans." Plan sa a mande otorizasyon alavans pou sèten atik ak sèvis. Lyen sa a ap mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon alavans: ***Humana.com/PAL****.*

Avantaj adisyonèl (swit)

	SA OU PEYE NAN PLAN HUMANA SA A
Terapi pou langaj	
• Sant reyabilitasyon ekstèn konplè	Kopèman **$0**
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**
Terapi Egzèsis Sipèvize (SET) pou Maladi Atè Periferal (PAD)	
• Lopital pasyan ki pa entène	Kopèman **$0**
• Biwo espesyalis la	Kopèman **$0**

Konparezon Avantaj Medicaid

Avantaj ki dekri nan seksyon Avantaj Medikal ak Lopital Kouvri yo anwo a kouvri pa Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP). Pou chak avantaj ki nan lis anba a, ou ka wè sa Florida Medicaid kouvri ak sa plan sa a kouvri.

Tout avantaj Medicaid yo sibi direktiv ak egzijans kalifikasyon Medicaid Florid epi yo disponib sèlman pou moun ki elijib pou de pwogram yo nèt. Si ou gen kesyon sou kalifikasyon Medicaid ou ak ki avantaj ou gen dwa resevwa, revize liv manm ou oswa kontakte Florida Medicaid nan 888-419-3456 (gratis) 800-955-8771 (TTY).

AVANTAJ	AVANTAJ MEDICAID	AVANTAJ PLAN SA A
Anbilans	Pa Kouvri	Kouvri
Sant chiriji anbilatwa	Pa Kouvri	Kouvri
Fo dan	Pa Kouvri	Kouvri
Sèvis dyagnostik, laboratwa, ak imajri imajri	Pa Kouvri	Kouvri
Vizit doktè	Pa Kouvri	Kouvri
Swen ijans	Pa Kouvri	Kouvri
Linèt	Pa Kouvri	Kouvri
Aparèy pou tande	Pa Kouvri	Kouvri
Ospitalizasyon	Pa Kouvri	Kouvri
Sante mantal entène sèvis, etablisman pou moun malad ak etablisman swen entèmedyè sèvis nan enstitisyon pou maladi mantal (MD), laj 65 ak pi gran	Pa Kouvri	Kouvri avèk limitasyon
Sante mantal entène sèvis, mwens pase 21 an	Pa Kouvri	Kouvri avèk limitasyon

Founisè swen prensipal ou (PCP) pral travay avèk ou pou kowòdone swen ou bezwen an avèk espesyalis oswa kèk lòt founisè nan rezo a. Sa a rele yon "referans." Plan sa a mande otorizasyon alavans pou sèten atik ak sèvis. Lyen sa a ap mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon alavans: ***Humana.com/PAL****.*

Humana.

AVANTAJ	AVANTAJ MEDICAID	AVANTAJ PLAN SA A
Medikaman Medicare Part B	Pa Kouvri	Kouvri
SÈVIS SANTE MANTAL	Pa Kouvri	Kouvri
Sèvis etablisman enfimyè, lòt pase nan yon enstitisyon pou mantal maladi	Pa Kouvri	Kouvri avèk limitasyon
Kouvèti lopital pasyan ki pa entène	Pa Kouvri	Kouvri
Fizik, okipasyonèl, pale terapi	Pa Kouvri	Kouvri
SWEN PREVANTIF	Pa Kouvri	Kouvri
Etablisman enfimyè espesyalize	Pa Kouvri	Kouvri
Transpò	Pa Kouvri	Kouvri
Sèvis ki nesesè ijan	Pa Kouvri	Kouvri

Founisè swen prensipal ou (PCP) pral travay avèk ou pou kowòdone swen ou bezwen an avèk espesyalis oswa kèk lòt founisè nan rezo a. Sa a rele yon "referans." Plan sa a mande otorizasyon alavans pou sèten atik ak sèvis. Lyen sa a ap mennen ou nan yon lis atik ak sèvis ki ka sibi otorizasyon alavans: ***Humana.com/PAL****.*

Plis avantaj ak plan sa a

Jwi kèk nan avantaj siplemantè sa yo ki enkli nan plan sa a.
Sa a se yon rezime sou sa nou kouvri. Li pa bay lis chak sèvis nou kouvri oswa bay lis chak limitasyon oswa eksklizyon. Prèv sou Kouvèti (EOC) a bay yon lis konplè kouvèti ak sèvis. Vizite **Humana.com/PlanInformation** pou wè yon kopi EOC a oswa rele **888-873-0686**.

Humana Healthy Options Allowance ®*
$125 alokasyon chak mwa sou yon kat depans prepaye.

Tout manm plan an resevwa montan sa a pou achte pwodui sante ak byennèt san preskripsyon (OTC) apwouve nan detayan patisipan yo oswa atravè founisè kourye OTC plan an apwouve.

Anplis, manm yo ka itilize lajan sa a tou pou pwodwi alimantè ki kalifye, sèvis piblik, lwaye, ak plis toujou si yo gen sèten kondisyon kwonik ki kalifye epi yo satisfè lòt kritè pwogram nan.

Nenpòt montan ki pa itilize transfère chak mwa epi ekspire nan fen ane plan an oswa lè dezenskrisyon, sa ki rive an premye.

- Alokasyon a disponib pou itilize nan komansman chak mwa.
- Yo kapab aplike limit ak restriksyon pou sa.

Akiponkti Woutin
$0 kopèman pou vizit akiponkti jiska 25 vizit chak ane.

Règ otorizasyon ka aplike.

Sèvis Kiwopratik Woutin
$0 kopèman pou vizit kiwopratik woutin jiska 12 vizit chak ane.

Pwogram sispansyon sigarèt
Pou ede pi plis efò ou yo pou kite fimen oswa sispann sèvi avèk pwodwi tabak, nou kouvri yon ese adisyonèl pou kite avèk konsèy nan yon peryòd 12 mwa kòm yon sèvis gratis pou ou. Sa a se anplis de de tantativ konsèy Medicare bay yo epi li enkli jiska kat vizit fas-a-fas. Sèvis sa a kapab sèvi swa kòm mezi prevantif swa pou yon dyagnostik maladi ki gen rapò avèk tabak.

Swen pye woutin
Kopèman **$0** pou vizit podoloji woutin jiska vizit san limit chak ane.

Pwogram Repa Humana Well Dine ®
$0 kopèman pou pwogram repa Humana Well Dine®.

Apre sejou w kòm pasyan ki entène swa nan yon lopital swa nan yon etablisman swen enfimye, ou ka elijib pou resevwa 2 repa yo livre lakay ou chak jou pandan 7 jou (jiska 14 repa).

* Alokasyon depans sa a ak Asistans Swen Kondisyon Kwonik se avantaj siplemantè espesyal pou manm ki gen kondisyon kwonik espesifik ki bezwen kowòdinasyon swen entansif epi ki gen yon risk elve pou hospitalizasyon oswa lòt rezilta sante negatif. Maladi ki kalifye yo ka gen ladan dyabèt sikre, twoub kadyovaskilè, twoub sante mantal kwonik epi ki envalide moun nan, twoub pilmonè kwonik, oswa ensifizans kadyak kwonik, pami lòt maladi yo. Kèk plan egzije omwen de kondisyon. Gade Prèv sou Kouvèti plan an pou plis detay. Si w itilize pwogram sa a pou lwaye oswa sèvis piblik, Lojman ak Devlòpman Iben (HUD) mande pou rapòte l kòm revni. Kontakte biwo HUD lokal ou a pou kesyon.

Humana.

Ou dwe mande repa yo nan lespas 30 jou apre egzeyat ou apre sejou ou kòm pasyan ki entène.

Limite a 4 fwa chak ane.

Rekonpans ak Ensitatif - Go365 ® pa Humana
Fè aktivite sante ki elijib, tankou depistaj ak egzamen prevantif, epi jwenn rekonpans ak Go365 Advanced.

Pèrik (ki gen rapò ak tretman chimyoterapi)
Jiska yon avantaj maksimòm san limit chak ane.

Pwogram fitness SilverSneakers ®
$0 kopèman pou SilverSneakers®.

Pwogram kondisyon fizik la gen ladan aksè a kote ki patisipe ak klas egzèsis gwoup siyati enstriktè sètifye dirije.

Avantaj sa a konekte ou tou ak yon rezo sipò ak resous vityèl atravè klas andirèk, videyo sou demann ak atravè yon aplikasyon mobil.

Ale sou SilverSneakers.com pou aprann plis sou avantaj ou a.

Jwenn plis enfòmasyon

Bezwen èd pou jwenn yon doktè oswa yon famasi ? Ou ka wè **Lis Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi** plan sa a sou sit entènèt nou an sou **Humana.com/FindCare** oswa rele nou sou nimewo ki nan kòmansman liv sa a epi nou ap voye youn ba ou. Anpil lis doktè gen yon evalyasyon Care Highlight ®. Evalyasyon sa yo nan kalite klinik ak efikasite nan depans ka ede ou pran desizyon eklere konsènan swen sante ou. Nòt yo sèlman parèt lè nou gen ase enfòmasyon pou mezire kalite klinik yon doktè ak rantabilite li. Aprann plis sou **Humana.com/CareHighlight** .

Ou ka wè **Gid Medikaman** plan sa a sou sit entènèt nou an sou **Humana.com/druglist** oswa rele nou sou nimewo ki nan kòmansman liv sa a epi nou pral voye youn ba ou.

Klasman kalite klinik ak efikasite depans yo disponib nan tout eta yo eksepte Alaska. Evalyasyon yo pa disponib pou tout doktè. Care Highlight se pou rezon enfòmasyon sèlman. Manm yo gen aksè a tout doktè ki nan rezo Humana a, kit doktè a gen yon klasman Care Highlight oswa non. Nòt yo pa ta dwe sèl baz pou chwazi yon doktè. Humana pa bay doktè pèman ki baze sou pèfòmans ki baze sou evalyasyon sa yo. Nòt yo pa garanti kalite oswa rezilta sèvis swen sante yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kouvèti ak pri Original Medicare, gade nan liv "Medicare & You" aktyèl la. Wè li sou entènèt sou http://www.medicare.gov oswa jwenn yon kopi lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn. Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.

Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP) te apwouve pa Komite Nasyonal pou Asirens Kalite (NCQA) pou fonksyone kòm yon Plan Bezwen Espesyal (SNP) jiska 31 Desanm 2029 baze sou yon revizyon Modèl Swen Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP).

Patwone pa HUMANA MEDICAL PLAN, INC. ak Eta Florid la, Agency for Health Care Administration.

HUMANA MEDICAL PLAN, INC. Humana se yon DSNP ki gen yon Kontra Medicaid Florida.
Enfòmasyon sou avantaj yo bay yo se yon rezime tou kout, se pa yon deskripsyon konplè sou avantaj yo. Pou plis enfòmasyon kontak DSNP.
Limit, kopèman ak/oswa restriksyon ka aplike.
Avantaj yo, fòmilè a, rezo famasi a, prim ak/oswa kopeman yo/ko-asirans lan ka chanje.

Si ou resevwa asistans pataj-depans Medicare, founisè Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP) pa otorize pou kolekte oswa voye ou yon bòdwo pou sèvis ak atik ki kouvri anba Medicare Part A ak Part B, ki gen ladan franchiz, ko-asirans, ak kopèman – menm lè peman Medicaid se zewo oswa yon founisè chwazi pou pa soumèt bay Medicaid. Si yon pwofesyonèl swen sante mande ou peye, sa kont lalwa. Sepandan, ou ka responsab pou yon ti kopèman Medicaid.

Si yon founisè ki nan rezo a voye fakti ba ou oswa mande w peye franchiz, ko-asirans oswa kopèman pou sèvis Medicare Part A ak Part B ki kouvri yo, di founisè a ou gen pwoteksyon kont repatisyon depans epi yo pa gen dwa fè w peye. chaje. Si w te deja fè peman ou gen dwa pou yon ranbousman. Si founisè ou a pa vle sispann voye bòdwo, ou ka rele nou nan 800-457-4708 oswa ou ka rele Medicare nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), (TTY 1-877-486-2048). Humana oswa Medicare ka mande founisè ou a pou sispann fè ou peye epi ranbouse nenpòt peman ou te fè.

Humana.



Founisè ou a ka chwazi soumèt bay Florida Medicaid pou konsiderasyon yon peman segondè adisyonèl pou yon montan aplike sou franchiz, ko-asirans, oswa kopèman. Si ou pwoteje kont pataj-depans, founisè yo oblije dapre reglèman federal aksepte peman primè Humana Dual Select H1036-102 (HMO D-SNP) ak peman segondè Florida Medicaid kòm peman konplè pou sèvis Medicare Part A ak Part B ki kouvri yo – menm lè peman Medicaid se zewo oswa yon founisè chwazi pou pa soumèt bay Medicaid.

Sèvis telesante ki montre yo se anplis de telesante Original Medicare kouvri. Pri ou a ka diferan pou telesante Original Medicare. Limit sou sèvis telesante, yo rele tou vizit vityèl oswa telemedisin, varye selon Eta. Sèvis sa yo pa ranplase swen dijans epi yo pa la pou ranplase pwofesyonèl swen prensipal ou oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki nan rezo ou. Nenpòt deskripsyon sou kilè pou itilize sèvis telesante yo se pou enfòmasyon sèlman yo la epi ou pa ta dwe konsidere yo kòm konsèy medikal. Tanpri gade nan Prèv sou Kouvèti w la pou jwenn detay anplis sou sa plan w lan ka kouvri oswa sou lòt règ ki ka aplike.

Plan yo ka ofri avantaj siplemantè anplis de avantaj Part C ak avantaj Part D.

Tout non pwodwi yo, logo yo, mak ak non komèsyal yo se pwopriyete pwopriyetè respektif yo, epi itilizasyon yo pa vle di yo apwouve.

Plis enfòmasyon ak yon sèl klik.

Vizite **Humana.com/PlanInformation** pou wè detay adisyonèl konsènan plan sa a, ki gen ladan Avantaj ak Pri.

Si ou ta renmen yon Prèv sou Kouvèti, Lis Pwofesyonèl Swen Sante, oswa Gid Medikaman an papye voye ba ou, ou ka mande youn sou entènèt nan sit entènèt ki anlè a, oswa rele **800-457-4708 (TTY: 711)** , 24 è pa jou, sèt jou pa semèn. Tanpri, mete kat idantifikasyon manm Humana w la sou lamen lè w ap rele. Lè yo mande ou rezon ou rele a, di "Prèv sou Kouvèti," "Gid Medikaman" oswa "Lis Pwofesyonèl Swen Sante."

Aktive kont MyHumana sekirize ou.

Kont MyHumana anliy ou a se yon pati enpòtan nan abònman Humana ou a. Itilize li pou wè detay plan sa a nenpòt ki lè epi aksede ak dokiman enpòtan plan yo sou entènèt, tout sou yon sèl kote. Li fasil pou itilize epi adapte pou ou.

Ou deja gen yon kont?

Ale sou **Humana.com/Member/ManageYourAccount** epi konekte.

Ou poko gen yon kont?

Kreye youn nan kèk minit sèlman lè w itilize menm lyen ki anwo a.

Resevwa enfòmasyon sou lòt pwodui asirans

Antanke yon manm Humana, nou ka rele w pou ofri lòt pwodwi ki gen rapò ak asirans. Ou ka refize resevwa apèl sa yo alavni lè w rele nimewo Sèvis Kliyantèl ki sou do kat idantifikasyon w lan.

Humana.

Avi sou Non-Diskriminasyon

Humana Inc. ak filyal li yo respekte lwa federal sou dwa sivil ki aplikab yo epi yo pa fè diskriminasyon oswa ekskli moun akoz ras, koulè, relijyon, si yo se fanm oswa gason, idantite seksyèl, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, orijin nasyonal, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, zansèt, etnisite, eta sivil, lang yo pale, eta sante oswa bezwen pou sèvis sante. Humana Inc.

- Bay moun ki andikape yo chanjman ki rezonab ak èd ak sèvis oksilyè apwopriye gratis pou kominike yon fason efikas avèk nou tankou:
  - Entèprèt lang siy ki kalifye
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt fòma (gwo ekriti, odyo, fòma elektwonik aksesib, oswa lòt fòma)
- Bay moun lang prensipal yo pa Anglè yo sèvis asistans lengwistik gratis, sa ki ka gen ladan l:
  - Entèprèt ki kalifye
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si ou bezwen modifikasyon rezonab, èd oksilyè apwopriye, oswa sèvis asistans lang kontakte **877-320-1235 (TTY: 711)**. Orè operasyon: 8 a.m. - 8 p.m., lè Lès. Si ou kwè Humana Inc. pa t founi sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, idantite seksyèl, sèks byolojik, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, orijin nasyonal, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, zansèt, etnisite, estati matrimonyal, lang, estati sante, oswa bezwen pou sèvis sante, ou ka depoze yon plent an pèsòn oswa pa lapòs oswa pa imel ak Kowòdonatè Non-Diskriminasyon Humana Inc. nan P.O. Box 14618, Lexington, KY 40512-4618, **877-320-1235 (TTY: 711)** , oswa **accessibility@humana.com** . Si ou bezwen èd pou depoze yon plent, Kowòdonatè Anti-Diskriminasyon Humana Inc. a ka ede ou.

Ou kapab depoze yon plent tou nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Biwo pou Dwa Sivil, elektwonikman atravè Pòtay pou Plent Biwo pou Dwa Sivil, ki disponib sou **https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf**, oswa pa lapòs oswa nan telefòn nan:

- Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, 200 Independence Avenue, S.W., Room 509F, HHH Building Washington, D.C. 20201. **800-368-1019, 800-537-7697 (TDD) .**

Avi sa a disponib sou **www.humana.com/legal/non-discrimination-disclosure**.
GHHNDN2026HUM_0526

Notice of Availability - Auxiliary Aids and Services Notice

English: Free language, auxiliary aid, and alternate format services are available. Call **877-320-1235 (TTY: 711)**.

አማርኛ [Amharic]፦ነፃ ቋንቋ፣ አጋዥ ማዳመጫ፣ እና አማራጭ ቅርፀት ያላቸው አገልግሎቶችም ይገኛሉ። በ **877-320-1235 (TTY: 711)** ላይ ይደውሉ።

العربية [Arabic]: تتوفر خدمات اللغة والمساعدة الإضافية والتنسّيق البديل مجاناً. اتصل على الرقم **877-320-1235 (الهاتف النصي: 711)**.

Հայերեն [Armenian]: Հասանելի են անվճար լեզվական, աջակցման և այլընտրանքային ձևաչափի ծառայություններ: Զանգահարե՛ք **877-320-1235 (TTY՝ 711)** հեռախոսահամարով:

Bǎsɔ́ɔ̀ [Bassa]: Wudu-xwíníín-mú-zà-zà kǔà, hwòdǒ-fɔ́nɔ́-nyɔ̀,, kè nyɔ-ɓɔ̌-po-kà ɓě ɓé wa nyuɛsé wídí péè-péèdò kɔ.̌ Ɓá **877-320-1235 (TTY: 711)**.

বাংলা [Bengali]: বিনামূল্যে ভাষা, আনুষঙ্গিক সহায়তা, এবং বিকল্প বিন্যাসে পরিষেবা উপলব্ধ। ফোন করুন **877-320-1235 (TTY: 711)** নম্বরে।

简体中文 [Simplified Chinese]：我们可提供免费的语言、辅助设备以及其他格式版本服务。请致电 **877-320-1235**（听障专线：**711**）。

繁體中文 [Traditional Chinese]：我們可提供免費的語言、輔助設備以及其他格式版本服務。請致電 **877-320-1235**（聽障專線：**711**）。

Kreyòl Ayisyen [Haitian Creole]: Gen sèvis lengwistik gratis, èd oksilyè, ak lòt fòma sèvis ki disponib. Rele **877-320-1235 (TTY: 711).**

Hrvatski [Croatian]: Dostupne su besplatne jezične usluge, usluge dodatne pomoći i alternativnog formata. Nazovite **877-320-1235 (TTY: 711)**.

فارسی [Farsi] : خدمات زبان رایگان، کمک های اضافی و فرمت های جایگزین در دسترس است. با **877-320-1235 (TTY: 711)** تماس بگیرید.

Français [French]: Des services gratuits d'assistance linguistique, d'aide auxiliaire et de format alternatif sont disponibles. Appelez le **877-320-1235 (ATS : 711)**.

Deutsch [German]: Es stehen kostenlose unterstützende Hilfs- und Sprachdienste sowie alternative Dokumentformate zur Verfügung. Telefon: **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Ελληνικά [Greek]: Διατίθενται δωρεάν γλωσσικές υπηρεσίες, βοηθήματα και υπηρεσίες σε εναλλακτικές προσβάσιμες μορφές. Καλέστε στο **877-320-1235 (TTY: 711)**.

ગુજરાતી [Gujarati] : મફત ભાષા, સહાયક સહાય અને વૈકલ્પિક ફોર્મેટ સેવાઓ ઉપલબ્ધ છે. **877-320-1235 (TTY: 711)** પર કૉલ કરો.

עברית [Hebrew]: שירותים אלה זמינים בחינם: שירותי תרגום, אביזרי עזר וטקסטים בפורמטים חלופיים. נא התקשר למספר **877-320-1235 (TTY: 711)**

हिंदी [Hindi]: निःशुल्क भाषा, सहायक मदद और वैकल्पिक प्रारूप सेवाएं उपलब्ध हैं। **877-320-1235 (TTY:711)** पर कॉल करें।

Hmoob [Hmong]: Muaj kev pab txhais lus, pab kom hnov suab, thiab lwm tus qauv pab cuam. Hu **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Bekee [Igbo]: Asụsụ n'efu, enyemaka nkwarụ, na ọrụ usoro ndị ọzọ dị. Kpọọ **877-320-1235 (TTY: 711)**.

GHHNOA2026HUM_0526

Italiano [Italian]: Sono disponibili servizi gratuiti di supporto linguistico, assistenza ausiliaria e formati alternativi. Chiamare il numero **877-320-1235 (TTY: 711)**.

日本語 [Japanese]:言語支援サービス、補助支援サービス、代替形式サービスを無料でご利用いただけます。**877-320-1235 (TTY: 711)** までお電話ください。

ភាសាខ្មែរ [Khmer]៖ សេវាកម្មផ្នែកភាសា ជំនួយ និង សេវាកម្មជាទម្រង់ផ្សេងជំនួសអាចរកបាន។ ទូរសព្ទទៅលេខ **877-320-1235 (TTY: 711)** ។

한국어 [Korean]: 무료 언어, 보조 지원 및 대체 형식 서비스를 이용하실 수 있습니다. **877-320-1235 (TTY: 711)** 번으로 문의하십시오.

ພາສາລາວ [Lao]: ມີບໍລິການພາສາ, ອຸປະກອນຊ່ວຍເຫຼືອ ແລະ ຮູບແບບທາງເລືອກອື່ນບໍ່ເສຍຄ່າໃຫ້. ໂທ **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Diné [Navajo]: Saad bee áná'álwo', bee haz'áanii, dóó naaltsoos t'áá ajiłii'ígíí bee ak'e'elyaaígíí t'áá jiik'eh hóló. **877-320-1235 (TTY: 711)** bich'į' hodíilnih.

नेपाली [Nepali]: नि:शुल्क भाषा सेवा, सहायक सामग्री र वैकल्पिक ढाँचाका सेवाहरू उपलब्ध छन् । **877-320-1235 (TTY: 711)** मा कल गर्नुहोस् ।

Polski [Polish]: Dostępne są bezpłatne usługi językowe, pomocnicze i alternatywne formaty. Zadzwoń pod numer **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Português [Brazilian Portuguese]: Estão disponíveis serviços gratuitos de ajuda linguística auxiliar e outros formatos alternativos. Ligue **877-320-1235 (TTY: 711)**.

ਪੰਜਾਬੀ [Punjabi]: ਮੁਫ਼ਤ ਭਾਸ਼ਾ, ਸਹਾਇਕ ਸਹਾਇਤਾ, ਅਤੇ ਵਿਕਲਪਿਕ ਫਾਰਮੈਟ ਸੇਵਾਵਾਂ ਉਪਲਬਧ ਹਨ। **877-320-1235 (TTY: 711)** 'ਤੇ ਕਾਲ ਕਰੋ।

Русский [Russian]: Предоставляются бесплатные услуги языковой поддержки, вспомогательные средства и материалы в альтернативных форматах. Звоните по номеру **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Español [Spanish]: Los servicios gratuitos de asistencia lingüística, ayuda auxiliar y servicios en otro formato están disponibles. Llame al **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Tagalog [Tagalog]: Magagamit ang mga libreng serbisyong pangwika, serbisyo o device na pantulong, at kapalit na format. Tumawag sa **877-320-1235 (TTY: 711)**.

தமிழ் [Tamil]: மொழி,, உதவிப் பொருட்கள் மற்றும் மாற்று வடிவமைப்புச் சேவைகள் இலவசமாகக் கிடைக்கின்றன. **877-320-1235 (TTY: 711)** எண்ணை அழைக்கவும்.

తెలుగు [Telugu]: ఉచిత భాష, సహాయక మద్దతు, మరియు ప్రత్యామ్నాయ ఫార్మాట్ సేవలు అందుబాటులో గలవు. **877-320-1235 (TTY: 711)** కి కాల్ చేయండి.

اردو [Urdu]: مفت زبان، معاون امداد، اور متبادل فارمیٹ کی خدمات دستیاب ہیں۔ کال **877-320-1235 (TTY: 711)**۔

Tiếng Việt [Vietnamese]: Có sẵn miễn phí các dịch vụ ngôn ngữ, hỗ trợ phụ trợ và định dạng thay thế. Hãy gọi **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Òyìnbó [Yoruba]: Àwọn iṣẹ́ àtìlẹ́hìn ìrànlọ́wọ́ èdè, àti ọ̀nà kíkà míràn wà lárọ̀wọ́tó lọ́fẹ̀ẹ́.
Pe **877-320-1235 (TTY: 711)**.

This notice is available at **https://www.humana.com/legal/multi-language-support**.

Nòt

Humana.

Nòt

Nòt

Humana.

Humana Inc.
P.O. Box 14168
Lexington, KY 40512-4168

Enfòmasyon enpòtan konsènan plan sa a

Humana.com

H1036_SB_MAPD_HMO_102000_2027_CR_M